Зедгъэужьынущ турист-рекреацІэ Іуэхущапіэхэми. Ахэр кьыщызэдгъэпэщащ Ингушым и бгылъэ щІыпІэм. Абы тещІыхьа проектым кьызэрыщыгъэпэгъуамкІэ, Іуэхум текІуэдэнущ сом меларди 3,2-рэ хуэдизэ.

«Урысей Ипщэ» (2006-2012 гъ.) федеральнэ программэ хэхам ипкъ иткІэ, Ингушым кьыщызэрагъэпэщ промышленнэ щІыпІэу 4. Ахэр щІэзэнущ Нэзрэн, Мэлгъэбгъ къалэхэщ щыдугъэкІэ, абыхэм Іуэхур кьыддагъэпсынщІэнущ.

«Урысей Ипщэ» (2006-2012 гъ.) федеральнэ программэ хэхам ипкъ иткІэ, Ингушым кьыщызэрагъэпэщ промышленнэ щІыпІэу 4. Ахэр щІэзэнущ Нэзрэн, Мэлгъэбгъ къалэхэщ щыдугъэкІэ, абыхэм Іуэхур кьыддагъэпсынщІэнущ. ПсэупІэ микрорайонхэр Къэрэбулак, Нэзрэн, Мэлгъэбгъ къалэхэщ щыдугъэкІэ, абыхэм Іуэхур кьыддагъэпсынщІэнущ.

Зедгъэужьынущ турист-рекреацІэ Іуэхущапіэхэми. Ахэр кьыщызэдгъэпэщащ Ингушым и бгылъэ щІыпІэм. Абы тещІыхьа проектым кьызэрыщыгъэпэгъуамкІэ, Іуэхум текІуэдэнущ сом меларди 3,2-рэ хуэдизэ.

«Урысей Ипщэ» (2006-2012 гъ.) федеральнэ программэ хэхам ипкъ иткІэ, Ингушым кьыщызэраг

Вагъуэзэшиблыр жэщкIэ зэщIоблэ

КАДЫРОВ Рамзан, Шэшэн Республикэм и Президент:

Псоми ди зэхуэдэ унэ

Медведев Дмитрий унафэ пэж ищIащ, сыту жыпIэмэ, Кубань, Ростов, Волгоград, Астрахань щыпIэхэмрэ Кавказ Ищхъэрэм и республикэхэмрэ я зыужьныгъэр куэдкIэ эщхъэщокI. Зи псомышленностым нэхъ зиужьа япэрейхэр щхьэхуэ ищIащ, адрейхэм дальэщIитхъхьэжьы папщIэ.

КАВКА З Ищхъэрэм абы щыпсэуэ псоми ди зэхуэдэ унэщ. Зы щIыпIэм кьаугъэ щыIэмэ, ар ялъоIэс адрейхэми: зэгурыIуэныгъэр щытепщэмэ, ар псоми зэдэтIэт фIыгъэщ. Апхуэдэщ бгырыс псыхьхэм я хабзэр: зым псоми папщIэ, псоми зым щхьэкIэ. Ауэ щыхьукIи, лъэпкъ кьэс езым и фиеиплькIэ иIэжщ.Ахэр пщIэн хъейщ, щыхьхэм нэхъ щIэхыу я гум удыхьэну ухуейщ.

Ди щыналъэм зегъэужьныкмкIэ щыIэ программэм кьыщыгъэлъэгъуахэр гъашIэм хьупщэн папщIэ, Iэмал псори щыIэщ: щIыгулъхэр пшэрщ, щIыуэпсыр кьабзэщ, хьугъуэфIыгъуэхэр лъащIэнышэщ. Апхуэдэуи ди дежь щыкуэщI лэжьапIэнщэхэр, унэнщэхэр. Щытыкlэр егъэфIэкIуэным хъэрыпIэу хуэпсэжьащ щIыпIэщIэхэри щIыналъэм хьыкъ зубгъэкIэжащ. Си фIэщ мэхъу, апхуэдэ щыфэIыбфэр абы зэман благъэм игъуэтыжьыщ.

Хлопонин Александр

Щыналъэм и япэ Тхьэмадэ

Хлопонин Александр 2010 гъэм щыщыIэм и 19 гъэмрэ Уф-м и Президентым и полномочнэ дыкIуэу КИФЩI-м щыIэщ, абы кьыдэкIуэуи Урысей Федерацэм и Правительствэм и Унафэщым и къуэдзэщ.

1965 гъэм гъатхэпэм и 6-м Коломбэ кьалэм (Цейлон) къыщалъхуащ. Абы и адэ Геннадий СС СР-м Хамэ къэрал зэпыщIэныгъэхэмкIэ и къэрал комитетым тэрмэщу щыIэжьащ. 1982 гъэм Хлопониным щIэтIысхьащ Москва дэт ФинансхэмкIэ институтым (иджыпстэ Къэрал финанс академие) дунейпсо экономикэмкIэ и факультетым. Зы ильэс фIэкIа емыдджауэ, Александр дзэм ирадджащ икIи 1983 - 1985 гъэхэм Кьантемыр дивизэм танкзехуэ-механикыбу кьулыкъу щищIащ икIи и кьалэнхэр щыIхь пылъу игъэзэщIащ. Абы и ужькIэ Хлопониным едджэным пищащ икIи 1989 гъэм ехъулIэныгъэкIэ кьиуащ МФИ-р.

Александр щыIэжьащ СССР-м и Къэралищыбэ экономикэ банкым къэрал кредитхэмкIэ и къудамэм. Лэжьыгъэм щIэхыу хуэIэижь хьуа Iэщ1агъэлIыр, и кьулыкъукIэ драгъэкIуеину кьыпэплъэмэ, езым и щхьэ закъуэ Iуэху кьыз1эригъэпэщмэ нэхъ кьищтащ. «Дунейпсо финанс зэгухьэныгъэ» банкым и правленэм и унафэщым и къуэдзэ кьыщидзэри, зэман кIэщIым кьурибыдэу ар нэсащ а банкым и тхьэмадз кьулыкъуэм.

1996 гъэм Хлопониныр хъуащ «Норильскникель» ОАО-м и унафэщI. ИльэситIым кьурибыдэу абы хуэзэфIэкIащ зи пашэ комбинатыр УФ-м и Iуэхущ1апIэ нэхъыфIхэм яхурегъэлъытэн, апхуэдэ дунейпсо утыкум пщIэшхуэ щригъэгъуэтын. Къэралым и зыужьныныгъэм хуищIа апхуэдэ хэпъхьэныгъэшхуэм папщIэ абы кьыхуагъэфэщащ (1998 гъ.) «Щыхьым и орден» къэрал дамыгъэ лъапIэр.

Зи унафэщI Iуэхущ1апIэр щытыкIэ гугъуэм кьришу пашэхэм яхигъэхьажа нэужь, Александр мурад ещI къэрал кьулыкъуэм пэрыувэжыну икIи 2001 гъэм хэхьанигъэхэм щытокIуэ. Ар хах Таймырым и губернатору. Ильэс 36-рэ фIэкIа зи мыныбжь Хлопониныр УФ-м и щыналъэхэм я Iэтащ1хьэхэм ящыщу нэхъ щIалэ дыдэт, атIэми зэфIэкIышхуэ зыбгъэдэлът. Ар занщIэу яужь ихьащ щыпIэм экономикэ, социальнэ, ухуэныгъэ и лъэныкъуэкIэ зригъэужьыну икIи екъулIэныгъэхэри зыIэригъэхьащ. 2002 гъэм Хлопонин Александр хахащ Красноярск крайм и губернатору икIи и мурад лъагэхэм абы щыпищащ, куэди хуэзэфIэкIащ.

Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ щыналъэр кьыз1эрыз1эрагъэпэщу, жьыдэрагъэшхуэ зиIэ, жэуапльныгъэ зыхэлъ дэжьакIуэ Iэкlуэлъакlуэр УФ-м и Президентым и Унафэщ1э абы кьалъэкIуащ полномочнэ лъыкIуэу. Иджыпсту а кьулыкъум пэрытщ, кьарурэ зэфIэкIыкIу бгъэдэлъыр Кавказым щыпсэу лъэпкъхэм, абыхэм я щыналъэхэм зегъэужьным ирихьалIэу.

Хлопониныр унагъуэщ. Щхьэгъусэрэ пхъурэ иIэщ.



Быстров Максим



Олейников Юрий

Вагапов Сулейман

Мывэ закъуэ къуажэ хъуркъым

Быстров Максим УФ-м и Президентым и полномочнэ лЫкIуэу КИФЩI-м щыIэм экономикэ Iуэхухэмкlэ и къуэдзэщ.

1964 гъэм Москва къыщалъхуащ. 1986 гъэм Москва дэт инженер-ухуакIуэ институтыр, 1998 гъэм - Хамэ къэрал сатумкIэ урысейпсо академиер къиухащ. Инженеру щылIэжьащ СССР-м Энергетикэмкlэ и министерствэм пыщIа «Мосзагранэнергоергстрой» трестым, Москва дэт инженер-ухуакIуэ институтым. Апхуэдэу 2000 гъэхэм я пэщIэдзэм кьулыкъу зэхуэмыдэхэр щиIыгъащ УФ-м Экономикэ зыужьныныгъэмрэ сатумкIэ и министерствэм, экономикэ щыпIэ хэхахэм я управленэмкIэ федеральнэ агентствэм и унафэщIым и къуэдзэу лэжьащ. 2007 гъэм Москва щыщIэдзауэ 2010 гъэ щIондэ УФ-м щыналъэ зыужьныныгъэмкlэ и министрым и къуэдзэу щытащ, «Олимпстрой» инвестицэ фондыр къыхэригъэпэщащ.

Олейников Юрий УФ-м и Президентым и полномочнэ лЫкIуэу КИФЩI-м щыIэм щыналъэ политикэ Iуэхухэмкlэ и къуэдзэщ.

1951 гъэм къалъхуащ. Ломоносовым и цIэр зезыхь МКъУ-м и тхыдэ факультетыр кьиуха нэужь, Инкомбинатым щылэжьащ жьыдагъуэ зэпыщIэныгъэхэмкlэ къудамэм и унафэщIу. ИужькIэ «Норильскникель» ОАО-м къэралщIыб зэпыщIэныгъэхэмкlэ и управленэм и унафэщIу, Таймыр автоном щыналъэм и Iэтащ1хьэм, итIанэ Красноярск крайм и губернаторым и къуэдзэу лэжьащ. 2005 - 2008 гъэхэм «Урысей эжъуэт» политикэ партым и ЦИК-м и унафэщIым щыналъэ политикэмкIэ и къуэдзэ кьалэнхэр игъэзэщIащ. 2008 гъэм «Норильскникель» компанием и генеральнэ директорым и къуэдзэу ягъэуващ.

Вагапов Сулейман УФ-м и Президентым и полномочнэ лЫкIуэу КИФЩI-м щыIэм социальнэ Iуэхухэмкlэ и къуэдзэщ.

1953 гъэм и дыгъэгъазэ маэм Къзахъ ССР-м и Караганда областым хыхьэ Осакар куейм щыщ Колхозное кьуажэм къыщалъхуащ. 1982 гъэм Ростов къэрал университетыр кьиуха нэужь, къулыкъу щищIащ, Къэрэшей-Шэрджэсым, Осетие Ищхъэрэ - Аланием ФСБ-м щиIэ щыIэ управленэхэм я пашэу зэрыщытар. Спортым дехьэх.

Паршин Вадим УФ-м и Президентым и полномочнэ лЫкIуэу КИФЩI-м щыIэм и аппаратым и дирекцэм и унафэщIу.

1966 гъэм и бадзэуэгъуэ маэм Москва къыщалъхуащ. Физкультурэмкlэ къэрал институтыр, иужькIэ Москва къэрал юридическэ академиер къиухащ. 1989 - 1992 гъэхэм СССР-м я гъэуващ. «Лыгъэм и орден», «Зэныбжьэгъугъэм и орден» къэрал дамыгъэхэр кьыру зэщIэузэдзакIэ и къуэдзэщ.

Швецов Владимир УФ-м и Президентым и полномочнэ лЫкIуэу КИФЩI-м щыIэм и къуэдзэщ.

1960 гъэм къалъхуащ. Жылагъуэ щынагъэшхагъэмкlэ Iэнатlэ зэхуэмыдэхэм илъэс 25-м щIигъуауэ зэрыгъэ, абы щыщу УФ-м и ФСБ-м и къудамэхэм я унафэщIу илъэс 17-м щIигъукIэ лэжьащ. Генерал-лейтенант Швецовым бгъэдэдъ зэфIэкI льагъэхэм папщIэ къэрал дамыгъэ льапIэхэр кьыхуагъэфэщащ. 2001 гъэ льандэрэ Кавказ Ищхъэрэм и щыпIэ зэхуэмыдэхэм щолажьэ. Апхуэдэхэщ, псалъэм папщIэ, Къэрэшей-Шэрджэсым, Осетие Ищхъэрэ - Аланием ФСБ-м щиIэ щыпIэ управленэхэм я пашэу зэрыщытар. Спортым дехьэх.

Паршин Вадим УФ-м и Президентым и полномочнэ лЫкIуэу КИФЩI-м щыIэм и аппаратым и федеральнэ инспектор нэхъыщхьэу. 2006 гъэм УФ-м и Президентым и полномочнэ лЫкIуэу Ищщ федеральнэ щыналъэм щыIэм и къуэдзэу

Еделев Аркадий УФ-м и Президентым и полномочнэ лЫкIуэу КИФЩI-м щыIэм гъунэгъуэ щыналъэхэм ядэлъжьэнымкIэ, граждан зыхьумэжьныгъэмкIэ, щытыкIэ кьиз1эрымыкIуэхэмкIэ и къуэдзэщ.

Еделевыр Чита областым щыщ Дарсун жылэм 1952 гъэм къыщалъхуащ. 1974 гъэм кьиуащ Томск политехникэ институтыр. Къэрал зыхьумэжьныгъэмкIэ комитетым (КГБ) и курс нэхъыщхьэхэу СССР-м и Министрэхэм я Советым дэж щыIэхэр кьиуха нэужь, абы епха Iэнатlэхэм 2004 гъэ щIондэ щылэжьащ. Еделевыр щытащ ФСБ-м Забайкальскэ щIыналъэм щиIэ управленэм и къудамэм и нэхъыщхьэу. Ставрополь крайм, Кавказ Ищхъэрэм ФСБ-м щиIэ щIыналъэ управленэхэм я унафэщIу. Шэшэн Республикэм 2000 гъэхэм я етIуанэ Iыхьэм террористхэм япэщIэувэнымкIэ щрагъэкIуэкIауэ щыта Iуэхугъуэхэм я унафэщIу щытащ. 2010 гъэм къулыкъум кьыпэрыкIащ.

Швецов Владимир

Паршин Вадим

Еделев Аркадий

ЭБЗЕЕВ Борис, КъШР-м и Президент:

Гугъапlэхэр зэтпх лъэхъэнэ

Кавказ Ищхъэрэм зиужьныщ зыфIэмыфIхэм псом япэу къаIэтыр а щыналъэм и социально-экономикэ щытыкIэм узыгъэпIейтей Iуэху куэд зэрыхэлъыр. Апхуэдэхэщ, псалъэм папщIэ, лэжьапIэншэхэм я бжыгъэр куэд зэрыхъур, псэупIэкIэ цIыху псори нэсу къызэрыз1эмыгъэпэщар. Iыхьэ щыхьэхэм я къуажэхэр зэгурымыIуэныгъэхэр, нэгъуэщIхэри. ГъащIэр къэзыльэхъэ апхуэдэ Iуэхугъуэхэр нэхъ псынщIэIуэу гъэтэмэмыным хущIэкъуу аращ къэралым и Президент Медведев Дмитрий и унафэкIэ КИФЩI-р щыналъэ щхьэхуэу щIагъэбеладжылар.

КЪЭРАЛ Iэтащхьэм и полномочнэ лЫкIуэу Кавказ Ищхъэрэм щыгъэкIуа Хлопонин Александр иригъэкIуэкI политикэм кьыз1эщIеуфыдэ экономикэри, социальнэ, щэнхабзэ Iэнатlэхэри. Къэрэшей-Шэрджэсыр кьапщтэмэ, Кавказ Ищхъэрэм и зыужьныныгъэ программэм ар унэтIныныгъэ нэхъыщхьитIкIэ хуэзэфIынущ. Япэр зэпхар щыпIэм и социальнэ Iэнатlэхэм зегъэужьныкрыщ, цIыхухэм хуащIэ Iэхутхъэбзэхэм я фIагъыр кьэIэтыныщ. Абы Iуэхугъэ имыIэу ехьэлIащ етIуанэри: республикэм инвестицэ мыльку кьиухьуэн папщIэ Iэмалхэр щыгъэIэн, цIыхухэр лэжьапIэ Iэнатlэкlэ кьыз1эгъэпэщын, апхуэдэуи Iалъэгуалэр егъэщIэн, абыхэм я зэхуэщIыкIыр нэхъ льагэ щIын.

Дызэлэжьыну Iуэхугъуэхэм ящыщщ промышленностыр, посм хуэмыдэу машинэхуэ предприятэхэмрэ химие производствэмрэ пыщIахэр. Iэмалыкlэхэр диIэщ мэкъумэш Iэнатlэми зиужьныныкмкIэ. Iэщ гъэхъуныимкIэ, лырэ гъэшрэ кьэлэжьныныкмкIэ КъШР-р ящыщ хъуфыкIнущ къэралым щынэхъ пэрыт апхуэдэ щIыналъэхэм. Нэсу зыдужьыфмэ, лыхэкI ерыскьыIуэ илъэс кьэс кьытхуэтынущ тонн мин 50 - 80-м щIигъу. Ар къэралым кьыщалэжь апхуэдэ продукцэм и Iыхьэ пщIанэ мэхъу. Ди цIыхухэр дэ тхуэгъэшIэжьынущ, хамэ къэралхэм ерыскъы кьыщыдмыщэхуу. Ахэр кьалъытэу, къэрал унафэщIхэм ди проект пэрытхэр кьыддаIыгъынэ дащоугуть.

Мыльку хущхуэ кьызыхэкIынущ, кьиз1эрытлъытэмкIэ, турист-рекреацэ Iэнатlэхэми я зыужьныныгъэр зи лъабжьэ уиэтIныныгъэри. Европэм и бгы нэхъ лъагэ дыдэ Iуащхьэмахуэ Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ дзэрэ ди зэхуэдитIу гуэшащ. Абы и щIыуэпсым и кьабзагъымрэ дахагъымрэ зыхуабгъадэ хьун щымыIэми ярейщ. А щIыпIэми инвестицэ кьешащIэным хуэдгъэзащ проект хьэлэмэтыщэу 83-рэ. Турист-рекреацэ экономикэ щIыпIэ хэхуэу республикэм къыщыз1эдгъэпэщынухэм хохьэ къэралпсо, дунейпсо щIэрыIуагъ зиIэ бгыпхэ курортхэу «Архъыз», «Фоупс псыкъелъэхэр», «Теберда-Домбей». ЗыгъэпсэхупIэ, нэгуэгъэужьныпIэ щыпIэщIэхэри кьыз1эптынущ. Абыхэм ящыщщ «Учкекен», «Джинту», «Пхъэ-Кай», «Мэхъэрр», «Муху-Баши», «Схауат», «Кичи-Балык».

Зегъэужьныпхъэщ федеральнэ щыналъэм хьыкъ зубгъектхэми, нэгуэгъэужьныпIэ щыналъэхэми яку дэлъ зэпыщIэныгъэхэми. Абы теухуа зы щапхъэ. Куэд щIакъым КъШР-мрэ Саратов областымрэ экономикэ, социальнэ, щэнхабзэ зэгурыIуэныгъэхэр зэрыз1этщIыпIэ-рэ. Иджы мис: Черкесск автопарк-кыр нэхъ къулей хуащ Саратов щащIа троллейбус 11-рэ автобус 20-кIэ. Зэман благъэм иджыри троллейбус 15 хуэдиз кьыдахьэнущ, къалэм и уэрамхэм. Ди цIыхухэм яхуэтщIэ транспорт Iэхутхъэбзэхэр егъэфIэкIуэныкмкIэ ари зы хэкIыпIэ кьыдолъытэ.

Къэрэшей-Шэрджэсым и промышленностым нэхъри зиужьын щхьэкIэ, Черкесск кьыщызэдгъэпэщынущ промышленнэ предприятэхэмрэ Армырами, ди щыхьэрым дэтщ республикэм и промышленнэ предприятэхэм я процент 50-м щIигъур. Апхуэдэу ахэр щымащIэкъым Усть-Джэгутэ, Къэрэшей, Уарп, Адыгэ-Хъэблэ, Инжыджь куейхэм. Абыхэм щыIэ предприятэхэм КъШР-м бюджетым хэлъхьэныгъэфIэхэр хуащIыф. ЗэфIэкIышхуэ иIэу кьлажьэ Кавказ Ищхъэрэм зихуэдэ щымыIэ уней компанием автомобилхэр щыз1эпкъралъхьэ «Дервейс» заводыр. Машинэ псынщIэхэм ирахьэлIэ пкъыгъуэхэр иджыри кьэс КНР-м къращу щытамэ, нобэ компанием ихуэу заводыщIэм пкъыгъуэхэм я нэхъыбэр щащынущ. А Iуэхум къэкIуэну ильэсэи 3-м кьурибыдэу текIуэдэнущ сом мелард 1,6-рэ.

Цы тонни 2-м щIигъум ильэсым и кIуэцIкIэ щелэжьырыныщ республикэм щыдухуэну ди мурад апхуэдэ фабрикэм. Абы хэтынущ зы щыз1эIуащ Iэнатlэ щхьэхуэм. А Iуэхущ1апIэр дутIупщмэ, цIыху 450-м нэс лэжьыгъэ Iэнатlэкlэ кьызэгъэпэща хъунущ. И лэжьыгъэр иригъэфIэкIуэну яужь итщ хьэфIэ кьэпшыпхэр кьыдигъэкIыу Черкесск дэт заводмк. Абы ехьэлIа проектым доллар мелуани 10 - 12 хуэдиз текIуэдэнущ. И лъабжьэр нэхъри игъэбыдэнущ минерал псы щрагъахуэ «Меркурий» фирмэ цIэрыIуэми. Абы зыхуигъэувыжа кьалэнхэм ящыщщ заводыщIэ ихуэныр.

Къэрэшей-Шэрджэсыр апхуэдэуи ин дыдэхъыми, итIани зэфIэкIышхуэ кьыз1эрыкъуэкIынур ди фIэщ мэхъу. Куэдкlэ дыщогугъ дызэрыт лъэхъэнэщIэм.



Iуащхьэмахуэ лъапэ.

Магас кьалэр.



Осетие Ищхъэрэ-Аланием и щыхьэр Владикавказ дэт фэепль сыныр.

● ЗэвгъэцIыху!

Кавказ Ищхъэрэ щыналъэм хэщIыкIыкIу икIи зэман кIэщIым кьриубыдэу зегъэужьныным ехьэлIа и мурадыщIэхэмрэ Iуэху еплъыкIэщIэхэмрэ Хлопонин Александр кьыдагъэш икIи кьыдалыгъ абы и къуэдзэ Iэкlуэльакlуэхэм, щыналъэм хьыкъ щыпIэ щхьэхуэхэм я псэукIэр егъэфIэкIуэным пыщIауэ кьаупщыль кьалэныщхуэхэр гъэзэщIэным.

Быстров Максим УФ-м и Президентым и полномочнэ лЫкIуэу КИФЩI-м щыIэм экономикэ Iуэхухэмкlэ и къуэдзэщ.

1964 гъэм Москва къыщалъхуащ. 1986 гъэм Москва дэт инженер-ухуакIуэ институтыр, 1998 гъэм - Хамэ къэрал сатумкIэ урысейпсо академиер къиухащ. Инженеру щылIэжьащ СССР-м Энергетикэмкlэ и министерствэм пыщIа «Мосзагранэнергоергстрой» трестым, Москва дэт инженер-ухуакIуэ институтым. Апхуэдэу 2000 гъэхэм я пэщIэдзэм кьулыкъу зэхуэмыдэхэр щиIыгъащ УФ-м Экономикэ зыужьныныгъэмрэ сатумкIэ и министерствэм, экономикэ щыпIэ хэхахэм я управленэмкIэ федеральнэ агентствэм и унафэщIым и къуэдзэу лэжьащ. 2007 гъэм Москва щыщIэдзауэ 2010 гъэ щIондэ УФ-м щыналъэ зыужьныныгъэмкlэ и министрым и къуэдзэу щытащ, «Олимпстрой» инвестицэ фондыр къыхэригъэпэщащ.

Олейников Юрий УФ-м и Президентым и полномочнэ лЫкIуэу КИФЩI-м щыIэм щыналъэ политикэ Iуэхухэмкlэ и къуэдзэщ.

1951 гъэм къалъхуащ. Ломоносовым и цIэр зезыхь МКъУ-м и тхыдэ факультетыр кьиуха нэужь, Инкомбинатым щылэжьащ жьыдагъуэ зэпыщIэныгъэхэмкlэ къудамэм и унафэщIу. ИужькIэ «Норильскникель» ОАО-м къэралщIыб зэпыщIэныгъэхэмкlэ и управленэм и унафэщIу, Таймыр автоном щыналъэм и Iэтащ1хьэм, итIани Красноярск крайм и губернаторым и къуэдзэу лэжьащ. 2005 - 2008 гъэхэм «Урысей эжъуэт» политикэ партым и ЦИК-м и унафэщIым щыналъэ политикэмкIэ и къуэдзэ кьалэнхэр игъэзэщIащ. 2008 гъэм «Норильскникель» компанием и генеральнэ директорым и къуэдзэу ягъэуващ.

Вагапов Сулейман УФ-м и Президентым и полномочнэ лЫкIуэу КИФЩI-м щыIэм социальнэ Iуэхухэмкlэ и къуэдзэщ.

1953 гъэм и дыгъэгъазэ маэм Къзахъ ССР-м и Караганда областым хыхьэ Осакар куейм щыщ Колхозное кьуажэм къыщалъхуащ. 1982 гъэм Ростов къэрал университетыр кьиуха нэужь, къулыкъу щищIащ, Къэрэшей-Шэрджэсым, Осетие Ищхъэрэ - Аланием ФСБ-м щиIэ щыIэ управленэхэм я пашэу зэрыщытар. Спортым дехьэх.

Паршин Вадим УФ-м и Президентым и полномочнэ лЫкIуэу КИФЩI-м щыIэм и аппаратым и дирекцэм и унафэщIу.

1966 гъэм и бадзэуэгъуэ маэм Москва къыщалъхуащ. Физкультурэмкlэ къэрал институтыр, иужькIэ Москва къэрал юридическэ академиер къиухащ. 1989 - 1992 гъэхэм СССР-м я гъэуващ. «Лыгъэм и орден», «Зэныбжьэгъугъэм и орден» къэрал дамыгъэхэр кьыру зэщIэузэдзакIэ и къуэдзэщ.

Швецов Владимир УФ-м и Президентым и полномочнэ лЫкIуэу КИФЩI-м щыIэм и къуэдзэщ.

1960 гъэм къалъхуащ. Жылагъуэ щынагъэшхагъэмкlэ Iэнатlэ зэхуэмыдэхэм илъэс 25-м щIигъуауэ зэрыгъэ, абы щыщу УФ-м и ФСБ-м и къудамэхэм я унафэщIу илъэс 17-м щIигъукIэ лэжьащ. Генерал-лейтенант Швецовым бгъэдэдъ зэфIэкI льагъэхэм папщIэ къэрал дамыгъэ льапIэхэр кьыхуагъэфэщащ. 2001 гъэ льандэрэ Кавказ Ищхъэрэм и щыпIэ зэхуэмыдэхэм щолажьэ. Апхуэдэхэщ, псалъэм папщIэ, Къэрэшей-Шэрджэсым, Осетие Ищхъэрэ - Аланием ФСБ-м щиIэ щыIэ управленэхэм я пашэу зэрыщытар. Спортым дехьэх.

Паршин Вадим УФ-м и Президентым и полномочнэ лЫкIуэу КИФЩI-м щыIэм и аппаратым и федеральнэ инспектор нэхъыщхьэу. 2006 гъэм УФ-м и Президентым и полномочнэ лЫкIуэу Ищщ федеральнэ щыналъэм щыIэм и къуэдзэу

Еделев Аркадий УФ-м и Президентым и полномочнэ лЫкIуэу КИФЩI-м щыIэм гъунэгъуэ щыналъэхэм ядэлъжьэнымкIэ, граждан зыхьумэжьныгъэмкlэ, щытыкIэ кьыз1эрымыкIуэхэмкIэ и къуэдзэщ.

Еделевыр Чита областым щыщ Дарсун жылэм 1952 гъэм къыщалъхуащ. 1974 гъэм кьиуащ Томск политехникэ институтыр. Къэрал зыхьумэжьныгъэмкlэ комитетым (КГБ) и курс нэхъыщхьэхэу СССР-м и Министрэхэм я Советым дэж щыIэхэр кьиуха нэужь, абы епха Iэнатlэхэм 2004 гъэ щIондэ щылэжьащ. Еделевыр щытащ ФСБ-м Забайкальскэ щIыналъэм щиIэ управленэм и къудамэм и нэхъыщхьэу. Ставрополь крайм, Кавказ Ищхъэрэм ФСБ-м щиIэ щIыналъэ управленэхэм я унафэщIу. Шэшэн Республикэм 2000 гъэхэм я етIуанэ Iыхьэм террористхэм япэщIэувэнымкIэ щрагъэкIуэкIауэ щыта Iуэхугъуэхэм я унафэщIу щытащ. 2010 гъэм къулыкъум кьыпэрыкIащ.

Быстров Максим

Олейников Юрий

Вагапов Сулейман

Швецов Владимир

Паршин Вадим

Еделев Аркадий

● Бжыгъэхэм къаIуатэ

Щыпсэу лъэпкъхэр

Дагъыстан Республикэ:
авархэр - 758.400-рэ
даргинхэр - 425.500-рэ
къумыкъухэр - 365.800-рэ
лезгинхэр - 336.700-рэ
лакхэр - 139.700-рэ
урысхэр - 120.900-рэ
азербайджанхэр - 111.700-рэ
табасаранхэр - 110.200-рэ
шэшэнхэр - 87.900-рэ
нэгъуейхэр - 36.200-рэ
рутулхэр - 34.300-рэ
агулхэр -23.300-рэ
цахурхэр - 8.200-рэ
ермэлыхэр - 5.700-рэ
тэтэрхэр - 4.700-рэ
Ингуш Республикэ:
ингушхэр - 361.100-рэ
шэшэнхэр - 95.400-рэ
урысхэр - 5.600-рэ
Къабардей-Балъкъэр Республикэ:
адыгэхэр - 502.300-рэ
урысхэр - 227.900-рэ
балъкъэрхэр - 107.300-рэ
осетинхэр - 9.800-рэ
тыркухэр - 8.800-рэ
украинхэр - 7.600-рэ
ермэлыхэр - 5.300-рэ
корейхэр - 4.700-рэ
шэшэнхэр - 4.200-рэ
Къэрэшей-Шэрджэс Республикэ:
къэрэшейхэр - 169.200-рэ
урысхэр - 147.900-рэ
шэрджэсхэр - 49.600-рэ
абазэхэр - 32.300-рэ
нэгъуейхэр - 14.900-рэ
Осетие Ищхъэрэ-Алание Республикэ:
осетинхэр - 445.300-рэ
урысхэр - 164.700-рэ
ингушхэр - 25.400-рэ
ермэлыхэр - 17.100-рэ
къумыкъухэр - 12.700-рэ
кьржыхэр - 10.800-рэ
алыджхэр - 7.000-рэ
украинхэр - 5.200-рэ
Ставрополь крайр:
урысхэр - 2.231.800-рэ
ермэлыхэр - 149.200-рэ
алыджхэр - 54.100-рэ
украинхэр - 45.900-рэ
даргинхэр - 40.200-рэ
нэгъуейхэр - 20.700-рэ
цыджанхэр - 19.100-рэ
къэрэшейхэр - 15.100-рэ
азербайджанхэр - 15.100-рэ
тыркумэнхэр - 13.900-рэ
шэшэнхэр - 13.200-рэ
тэтэрхэр - 13.000-рэ
белорусхэр - 11.300-рэ
кьржыхэр - 8.700-рэ
нэмыцэхэр- 8.000-рэ
осетинхэр - 7.700-рэ
тыркухэр - 7.500-рэ
корейхэр - 7.200-рэ
адыгэхэр (къэбэрдейхэр) - 6.600-рэ
лезгинхэр - 6.500-рэ
къумыкъухэр - 5.700-рэ
табасаранхэр - 5.500-рэ
Шэшэн Республикэ:
шэшэнхэр - 1.031.600-рэ
урысхэр - 40.600-рэ
къумыкъухэр - 8.900-рэ
авархэр - 4.100-рэ

Псори зэхэту КИФЩI-м щопсу:
урысхэр - 2.743.000-рэ
шэшэнхэр - 1.485.215-рэ
авархэр - 785.314-рэ
къабардейхэр (адыгэхэр) - 516.632-рэ
даргинхэр - 498.655-рэ
ингушхэр - 483.152-рэ
осетинхэр - 476.458-рэ
къумыкъухэр - 401.007-рэ
лезгинхэр - 359.547-рэ
ермэлыхэр - 260.055-рэ
къэрэшейхэр - 187.588-рэ
лакхэр - 147.964-рэ
табасаранхэр - 117.732-рэ
балъкъэрхэр - 106.777-рэ
азербайджанхэр - 105.480-рэ
нэгъуейхэр - 100.000
шэрджэсхэр (адыгэхэр) - 56.489-рэ
абазэхэр - 42.000-рэ

(Зи цIыху бжыгъэкIэ мини 4-м нэмыс лъэпкъхэр кьэдгъэлъэгъуакъым).

Испаниер ятэ Дунейпсо Кубокыр кьыхуэзыхьа топыр Иньестэ дегъэкI.

Германиер и гъащхьауэ Мюллер Бимас бжыгъэр кьызэIуех.

●Футбол

Испаниер дунейпсо чемпионщ!

Вэсэмахуэ нухащ футболымкIэ дунейпсо чемпионату ЮАР-м щекIуэкIар. Абы и нужьрей махунтIым зэхэкIащ медалхэр зыльысыну командэхэр.

ЩЭБЭТ пщыхьэщхьэм жэз медалхэм щхьэкIэ зэпэщIэтащ **Уругвайм рэ Германиемрэ я** командэ кьыхэхахэр. КьащIтэмэ, зэхьэзэхуэм и зэIущIэ нэхъ дахэхэм ящыщ хьуауэ ящIэ хьунущ ар.

Джэгур нэмыщIэхэм жыджэру кьыщIадзащ икIи еппланэ дакьикьэр екIуэжIыу бжыгъэр кьызэIуахащ. АрщхьэкIэ топыр хабзэм кьеМызэгъыу дагъэкIауэ къэзыльыта судьям ар хибжакъым. Куэд дэмыкIыу Америкэ Ипщэм и командэм иригъэжьаебгъэрыкIуэныгъэм кьрикIуа штрафнойм Форлан щигъэзащIэм, Германием и гъащхьэхьумэ Какау топым IэкIа еIуса.

Зы лъэныкъу эмкIэ щыужьыкIуэрэ адреймкIэ кьыщызэщIэплъэ зэпэщIэтыныгъэр икъукIэ удэзыхьэхыу екIуэкIыр т. Епщ1анэ дакьикъэм кьызэIуихыну Iэмалыфl иIащ Германием. Угловойуэ кьата топыр щхьэкIэ гъэм дэзыагъэйлыну зи мурада Фридрих ар къехьулIакъым - топыр перекладинэм кьигъэльежащ.

Зэ1ущIэм и ятэ Iыхьэм и ныкъуэр европей командэм и тепщэныгъэкIэ екIуэкIащ. 19-нэ дакьикьэм гупышхуэу ипэкIэ кIуэта нэмыцIэхэм эхэту Шванштайгер лъэщу Уругвайм и гъэм еуащ. Гъуащхьэтет Му слерэ кьызригъэгъэза топым ятэу нэсащ гъуащхьэхьумэхэм я щIыбагъымкIэ кьыкIуэжа Мюллер, абы етхуанэ топыр дигъэкIащ икIи гъуащхьауэ нэхъыкфIхэм яхьыхащ.

Топ кьызэрыхуэ дагъэкIам уругвайхэр игъэгубжьа щыкIэу, щIэ х-щIэхьыурэ Германием и гъуэм екIуалIэ хъуащ. Апхуэдэу нэмыщIэхэм я гъащхьэхьумэныкъуэхэм я щыуагъэр кьигъэсебэпри, Перес кьызэуа топыр Суарес Кавани и лъэныкъуэмкIэ иутIыпщащ. Штрафнойм иту топыр кьызыIэрыхьа гъуащхьауэм ар Бутт пэжыжьэ планэпэм игъэкIуащ - 1:1.

ЕтIуанэ Iыхьэр, ятэм и кIэ уэхым хуэдэу, Америкэ Ипщэм и командэм кьыщIидзэкащ. Дакьикъэ зыбжанэм кьриубыдэу тIэунейрэ Уругвайр нэмыцIэхэм я гъуэм шынагъуэу екIуэлIащ, арщхьэкIэ гъуащхьэтетым абыхэм кьригъэгъэзащ. 51-нэ дакьикьэр екIуэкIыу аратэ Форлан и етхуанэ топыр щыдигъэкIам. Аревалэ штрафнойуэ зэуа топыр Диегэ кьыщIэрыхьам Бутт кьыхуэнэжар топыр гъуэм зэрыдыхьэм кIэльыплъым кьудейт - 2:1.

Зэман кIыхькIэ жыджэру джэгуа уругвайхэр тIэкIу щыупщIым, ар псынщIэ дыдэу кьагъэсебэпащ Германием и футболистхэм.Ботенг зэуа топыр Янсен щхьэкIэ гъуэм игъэкIуащ - 2:2.

82-нэ дакьикъэм мыгъэрей зэхьэзэхуэм и ятэ топыр, кьызэрыщIэкIамкIэ, Германием ятэкIуэкIыфрытэкъым.

Зэ1ущIэм и ятэ Iыхьэм и ныкъуэр блэкIауэ нидерландхэр жан кьэхьужащ. Ван Персиэ Робенрэ бжыгъэр кьызэIуахыну Испанием и гъуэм гъунэгъу зыхуащIащ, арщхьэкIэ Касильяс абыхэм яхуэхъзыр.

ЕтIуанэ Iыхьэм зэрыщIидзэжу нидерландхэр финалым зыгъэкIуа Пуйоль и хьэрхуэрэгъуэхэм я штрафнойм ихьащ, кьыхэжакIыными зымащIэщ иIэжар. Ар зэуа топым хуэмыхьэзыра Хоан ебгъэрыкIуэныгъэм хуэфэщэн кIэух иритыфакъым.

КIэух дакьикьэхэм Роббен кьыхуикъуэкIа Iэмальфl дыдэмкIэ и къэралым текIуэныгъэ кьыхуихыфыну щытащ. Гъуащхьэхьумэхэм кьапекIуэкIыу, Стекеленбург хуэзащIэ хъуа Арьен бжыгъэр кьыхуэзэхуакъым.

КьыщIагъуа Iыхьэхэм командэхэр ебгъэрыкIуэныгъэхэмкIэ зэхъуэжащ. Кьару зимыIэж футболистхэм хабзэр кьызэпаудын хуей хьурт я хьэрхуэрэгъуэхэр кьызэтрегъэувыIэн щхьэкIэ, Апхуэдэу 109-нэ дакьикъэм Нидерландхэр зы цIыхухIэ нэхъ мащIэу кьэнащ. Иньестэ ириуду, етIуанэ дагъуэ зыхуащIа Хейтингэ джэгум кьыхахуащ. Абы кьрикIуа штрафнойм испанхэм зыри кьахуихьакъым.

Зэман дэкIри, Иньестэ иджыри зы гъуащхьэхьумэм дагъуэ кьригъэлэжьащ. Штрафнойуэ Фабрегас зэуа топыр Иньестэ Iэ ззэу гъэм игъэкIуащ икIи Испаниер ятэу дунейпсо чемпион ищIащ.

ЖЫЛАСЭ Замир.

Уругвайм и гъащхьауэ, зэхьэзэхуэм и футболист нэхъыфIу кьалыута Форлан Диегэ бжыгъэр зэхуэдэ ещIыж.

Чэгъэду Биберт Налшык аргуэру къытрегъазэ

Иджыблагъэ ди республикэм щыхъэщIащ футболым дихьэх дэтхэнэ зыми фIыуэ иIыху, зи джэгукIэм щыгъуазэ, Налшык и «Спартак» командэм щыджэгуа адыгэ щIалэ Чэгъэду Биберт. Ар Иорданым и ныбжьыщIэ гуп къыхэхам я тренер нэхъыщхьэ Джонатан Хилл и дэIэпыкъуэгъуэр.

Джонатан Хиллрэ Чэгъэду Бибертрэ.

ДУНЕЙПСО чемпионатым хуагъэхьэзыр я гъэсэнхэр хамэ къэралхэм щыджэгун хуей щыхьум, Чэгъэдум Налшык кьалэ игъэлъэгъуащ.

Ди лъахэм зэрыщIа зэманым кьриубыдэу хьэщIэхэр «Спартак-Налшыкым» и щIалэгъуалэм дагъэджэгуати зэрытемыгъакIуэу, 0:0-у, ихуащ. Иорданым кьикIа командэм ди лъэпкъыр зэрыгушхуэ хъун, и цIэр фIыкIэ зыгъэIуфыну щIалъэхэр - гъэкъуэшхэу Щабэрыкъуэхэ Елдаррэ Тамеррэ, абаззэ Дахэшей Щамил сымэ щоджэгу.

Журналистхэм я упщIэхэм ятэу жэуап кьезыгъа тренер нэхъыщхьэ Джонатан зэрыжиIамкIэ, аэр ди щIыпIэм кьебгъэгъэн хуей щIэхъуам и щхьэусыгъуэщ езыхэм я гъэсэнхэм нэхърэ нэхъ лъэщхэм дагъэджэгуэ нэхъ кьэзыращтэр. Абыхэм иджыри кьаПэщIыпIщ илъэс 17 хьу ныбжьыщIэхэм я дунейпсо чемпионатым кIуэн папщIэ, зэпеуэхэр ирагъэкIуэкIыну. ЗэрыгурыIуэгъэущи, абы папщIэ езыхэм нэхърэ нэхъ лъэщ, щапхъэ яхуэхъун командэхэм яIущIэн хуейщ. Джонатан Хилл кьызэрыхигъэщамкIэ, Налшык кьалэ хуабжьу и гум ирихьащ.

Чэгъэду Биберт зэрыжиIамкIэ, Налшык и «Спартак»-м хэкIыжа нэужь, абы США-м игъэзэжащ, нужькIэ етIуанэ швейцар лигэм и клубым щыджэгащ. ИтIанэ, УЕФА-м и тренерым и дипломыр я къыхуагъэфэща нэужь, Иорданым и ныбжьыщIэ гупым я гъэсакIуэу чемпионатым кIуэн папщIэ, зэпеуэхэр ирагъэкIуэкIыну. ЗэрыгурыIуэгъэущи, абы папщIэ езыхэм нэхърэ нэхъ лъэщ, щапхъэ яхуэхъун командэхэм яIущIэн хуейщ. Джонатан Хилл кьызэрыхигъэщамкIэ, Налшык кьалэ хуабжьу и гум ирихьащ.

Чэгъэду Биберт зэрыжиIамкIэ, Налшык и «Спартак»-м хэкIыжа нэужь, абы США-м игъэзэжащ, нужькIэ етIуанэ швейцар лигэм и клубым щыджэгащ. ИтIанэ, УЕФА-м и тренерым и дипломыр я къыхуагъэфэща нэужь, Иорданым и ныбжьыщIэ гупым я гъэсакIуэу чемпионатым кIуэн папщIэ, зэпеуэхэр ирагъэкIуэкIыну. ЗэрыгурыIуэгъэущи, абы папщIэ езыхэм нэхърэ нэхъ лъэщ, щапхъэ яхуэхъун командэхэм яIущIэн хуейщ. Джонатан зэрыжиIамкIэ, Налшык кьалэ хуабжьу и гум ирихьащ. Чэгъэду Биберт зэрыжиIамкIэ, Налшык и «Спартак»-м хэкIыжа нэужь, абы США-м игъэзэжащ, нужькIэ етIуанэ швейцар лигэм и клубым щыджэгащ. ИтIанэ, УЕФА-м и тренерым и дипломыр я къыхуагъэфэща нэужь, Иорданым и ныбжьыщIэ гупым я гъэсакIуэу чемпионатым кIуэн папщIэ, зэпеуэхэр ирагъэкIуэкIыну. Чэгъэдум кьызэрыхигъэщамкIэ, Джонатанрэ абыр мазий хьуауэ зэдолажьэри, ехьэлIэныгъэфIхэр зыIэрагъэхьэну хунэсащ, уеблэмэ Азием и Кубокым щIэбэнащ.

Я гупыр ди лъахэм кьезыгъэблэгъа псоми Чэгъэдум фIыщIэ яхунащ, адзэкъ щIыналъэм кьэкIуэжыну, и лъахэгъуэм я деж щыхьащIэну Iэмал кьызэрыхукъуэкIар зэригуапэр кьыхигъэщащ.

БАЦЭ ФатIимэ.

Сурэтхэр **ЕЛКЪЭН Артур** *трихащ.*

Щ1алэгъуалэ зэпеуэ

Зэхуэарэзыуэ зэбгъэдокIыж

«Спартак-Налшык» (Налшык) - «Тэрч» (Грозный) - 1:1 (0:1). Бадзэуэгъуэм и 7-м. Прохладнэ. «Центральнэ» стадион. ЦIыху 500 еплъащ.

Судьяр Анисимов (Краснодар).

«Спартак-Налшык»: Антипов (Щоджэн, 46), Плиев, Соблир (КIыщ, 69), Чочуев, Мочалин, Шалаев (Къумыкъу, 77), Балэ (Биланов, 38), Михеев (Къъуэныхь, 61), Трубицин (Хьэгъэбанэ, 57), Зрум, Митришев.

«Тэрч»: Асаев, Солтаев, Тепишев, Джунидов (Джабраилов, 63), Тагилов, Адаев, Дашаев, Ашаханов (Кадыров, 46), Тембулатов (Усманов, 69), Цуроев (Динаев, 86), Исламов (Ахьядов, 60).

Топхэр дагъэкIащ: Исламов, 23 (0:1). Чочуев, 82 (1:1).

Дагъуэ хуащIащ Дашаевым, Михеевым, Тембулатовым, Зрумым, Усмановым, КIыщым.

ЗЭХЬЭЗЭХУЭР ику ит джэгукIэ кьагъэлъагъуэу езыхьэкIа «Спартак-Налшыкымрэ» «Тэрчымрэ» я щIалэгъуалэ гупхэр бэрэжьей кIуам Прохладнэ щызэIущIащ.

Зэхьэрэзэгъуэхэр зэпэщIэмыуващIу джэгур екIуэкIырт. Джэгум жьэрэгъ кьыщIыхьыхар ятэ Iыхьэм икуэрщ. Грознэдэсхэр гупышхуэуебгъэрыкIуэри, Исламовым и командэр ятэ иригъэщащ.

ЕтIуанэ Iыхьэри ятэм кьызэрыщхьащIыкIыщхуэ щыIэтэкъым. Ди щIалэхэм я ебгъэрыкIуэныгъэ закъуэтIакъуэхэр е «Тэрчым» и гъуащхьэхьумэхэм, е езыхэм топыр тэмэму зэIэпамыхьфурэ къэувыIэжыр.

Зэ1ущIэм и 82-нэ дакьикъэм «Спартак-Налшыкым» и насып кIыкIащ. Ди щIалэхэм кьахэжаныкIащ Чочуев Ахьмэт. Ар зэуа топым Асаевым кьыхуегъэгъэзакъым.

КЪЭХЪУН Бэч.

Бадзэуэгъуэм екIуэкIыну зэIущIэхэр

Урысей Федерацэм и Кубок - 2010/11
Финалым и 1/16-нэ Iыхьэ
Бадзэуэгъуэм и 13, *гъбж*

«Волга» (Новогород Ищхьэрэ) - «Спартак-Налшык» (Налшык)
«Динамо» (Санкт-Петербург) - «Зенит» (Санкт-Петербург)
«Шинник» (Ярославль) - «Крылья Советов» (Самарэ)
«Металлург» (Липецк) - «Спартак» (Мэзкъу)
«Авангард» (Курск) - «Сибирь» (Новосибирск)
«Волгарь-Газпром» (Астрахань) - «Рубин» (Къазан)
«Салют» (Белгород) - «Ростов» (Дон Iус Ростов)
«Мордовия» (Саранск) - «Динамо» (Мэзкъу)
Камаз (Набережные Челны) - «Алания» (Владикавказ)
«Лучъ-Энергия» (Владивосток) - «Тэрч» (Грозный)

Бадзэуэгъуэм и 14, *бэрэжьей*
«Псков-747» (Псков) - «Анжи» (Махъэчкалэ)
«Торпедо» (Мэзкъу) - ЦСКА (Мэзкъу)
«Краснодар» (Краснодар) - «Томь» (Томск)
«Черноморец» (Новороссийск) - «Амкар» (Пермь)
«Горняк» (Учалы) - «Локомотив» (Мэзкъу)
«Сахалин» (Сахалинск Ипщэ) - «Сатурн» (Мэзкъу область)

Премьер-лигэ
ЕпщыкIущанэ джэгугъуэ
Бадзэуэгъуэм и 17, *щэбэт*
«Зенит» - «Сибирь»
«Спартак» - «Рубин»
«Динамо» - «Ростов»

Бадзэуэгъуэм и 18, *тхьэмахуэ*
«Локомотив» - «Алания»
«Тэрч» - «Амкар»
«Томь» - «Анжи»

Бадзэуэгъуэм и 19, *блыщхьэ*
«Сатурн» - «Спартак-Налшык»
«Крылья Советов» - ЦСКА

Бадзэгъуэм и 21, *бэрэжьей*
«Спартак» - «Сибирь» (епщыкIуэнэ джэгугъуэм щыщIащ)

ЕпщыкIуплIанэ джэгугъуэ
Бадзэуэгъуэм и 24, *щэбэт*
«Алания» - «Томь»
«Сибирь» - «Локомотив»
«Ростов» - «Зенит»
«Рубин» - «Динамо»

Бадзэуэгъуэм и 25, *тхьэмахуэ*
ЦСКА - «Спартак-Налшык»
«Анжи» - «Тэрч»
«Крылья Советов» - «Спартак»
«Амкар» - «Сатурн»

Чемпионхэм я лигэ-2010/11
Ещанэ къыщыхах
зэIущIэхэр
Бадзэуэгъуэм и 27/28, *гъубж/бэрэжьей*

Ялэ зэIущIэхэр
Европэм и лигэ-2010/11
Ещанэ къыщыхах
зэхьэзэхуэ.

Бадзэуэгъуэм и 29, *махуэку*

ЕщыкIутхуанэ джэгугъуэ
Бадзэуэгъуэм и 30, *мазэм*
«Сатурн» - «Анжи»
«Спартак-Налшык» - Амкар»

Бадзэуэгъуэм и 31, *щэбэт*
«Динамо» - «Крылья Советов»
«Тэрч» - «Алания»
«Зенит» - «Рубин»

●ГИБДД-м къет

Зы хъыбари гулъытэншэу къэнэнукъым

Къэрал автоинспекцэм и къалэн нэхъыщхьэхэм ящыщ. ГИБДД-м и лъэныкъуэкIэ гъэзэжьыныгъэхэм я щIэныгъэ къыщыщIащ. Ар щIэныгъэ зэрагъэзащIэр гуэдз ящыхьэу-ящымыхьэр зрагъэшIэн папщIэ щыхуэхэм яхуэнщIыхь.

НАЛШЫК къалэ УВД-м и ОГИБДД-м и администрацэм и хэщIапIэм иIэщ я Iуэху еплъыкIэр е зэрымыарэзыкъыщыгъэлъэгъуа карточкэхэр зрадзэ ашык хэха. Карточкэ плъыжьхэм иратхэ автоинспекцэм и лъжьыгъэм хальагъуэ ныкъуасанытэхэр, гъуэгум тетым хабзэкIэ и хуитыныгъэхэр кьызэ- паудамэ, Iэдэбыншэу яхуэщытамэ, лъэныкъуитIым яку кьаугъэ кьыдэхьуамэ кьызыхэщ хьыбархэр. Карточкэ удыьфр хуэхэащ ГИБДД-м и лъжьыгъэм фIы и лъэныкъуэкIэ хальагъуэхэм, абы и лъжьыгъэхэм я кьалэнхэр хьэлэту зэрагъэзащIэм и щапхъэхэм. Кьыпепч карточкэм и напэм щхьэхуэу иIэщ хьыбарыр зыхуагъэхь Iэнатlэр, унафэщIыр кьыщагъэлъагъуэ, зыхуей хьыбархэр зратха карточкэхэр абыхэм хуэхэа ашыкхэм ирадзэ. Апхуэдэ щIыкIэкIэ зэхуэхьэса хьыбархэр Iэнатlэм и лжьыгъэр егъэфIэкIуэныкмкIэ сэбэнщ.

ГъэзэгурыкIуэхэм кьывбгъэдэкI хьыбархэр, сыт хуэдэу ирехьуи, гулытэншэу кьагъэнэнукъым. Апхуэдэ щIыкIэкIэ щIэгъэкъуэн фIыхьунущ Къэрал автоинспекцэм и лъэныгъэм хэлъ ныкъусаныгъэхэр гъэкIуэдыжьынмкIэ.

Налшык къалэ УВД-м и ОГИБДД.

Балигъэр мысакъмэ...

Балдзэуэгъуэм и 7-м сыхьэт 21-рэ дакьикъэ 50-м ГАЗ-3302 автомашинэр «Кавказ» федеральнэ гъэзэгум щыжьэхуэщ, нэху зытримыдзэ лъэс зэрыкIыпIэм техьа хьыджэб щыкIум. Ар КъБР-м и Республикэ сымаджэщым ящащ, ауэ къахъугъэлакъым.

Iуэхур мыращ зытетар: сабий 420-рэ зэрыс автобуси 10 Грознэ икIыу Анапэ кIуэрт, Шэщэным щыIэ МВД-м и УГИБДД-м и ДПС-м лэжьакIуэхэр зэрыс пльыр автомашинэр ящIыгъуу.

Насыпыншагъэр кьызыхэкIар, япэрауэ, автобусхэр абы кьухмыха щIыпIэм дежь сыхьэт ныкъуэкIэ кьызэрыщывыIарщ, сабийхэр автобусым кьикIыу гъуэгум зэрытехьам ахэр зи нэIэ щIэтхэр зэрыкIэльымыплъарщ. Газелым дэсари лъэс зэпрыкIыпIэм щысакъакъым.

Къэрал автоинспекцэм сабийхэр зыгъэпсэхупIэхэм зыщэ унафэщIхэм, руьлым дэсхэм зыфхудогъаэз гъуэгум зэрыщызекIуэ, сабийхэр кьешэкIыным теухуа хабзэхэр вгъэзэщIэну.

ЭРИСТАЕВ Абдурэхьман, *КъБР-м щыIэ МВД-м и УГИБДД-м и унафэщым и къуэдзэ.*

Владикавказ - Щхьэлыкъуэ

2010 гъэм бадзэуэгъуэм и 8-м Щхьэлыкъуэ щыщ щIалэгъуалэ гуп Осетие Ищхьэрэ-Алание Республикэм щыIэ «Нэмыс» Къэбэрдей-Балъкъэр лъэпкъ-щэнхабзэ центрым щихьэщIащ. Осетие Ищхьэрэм щыIэ Къэбэрдей-Балъкъэр лъэпкъщэнхабзэ центрым зыщIэгъэкъуэным, ди щIалэгъуалэр ди гъунэгъу республикэм и псэукIэм щыгъуазэ щыным теухуа мы Iуэхур кьызэрагъэпэщащ БКЪР-м ХьыбарегъащIэ Iэнатlэхэмкlэ, жьыдагъуэ зэгухьэныгъэхэм ядэлэжьэныкъэ, щIалэгъуалэм я Iуэхуэмкlэ и министерствэмрэ Щхьэлыкъуэ къуажэм и щыпIэ администрацэмрэ.

РЕСПУБЛИКЭМ икIа хьэщIэхэр Лъэпкъым я зэныбжьыгъэтурэ зэныбжь и унэу Владикавказ дэтым гуапэу щрагъэблэгъащ. Щхьэлыкъуэ къуажэм и администрацэм и Iэтащхьэ Къуныжь Хьэчим «Нэмыс» Къэбэрдей-Балъкъэр лъэпкъ-щэнхабзэ центрым и унафэщI Аброкъуэ Юрий щIакIуэрэ адыгэбзэкIэ, балкъэрыбзэкIэ кьыдэкIа тхыльхэмрэ тыгъэ хуищIащ. Зэ1ущIэм хиубыдэу хьэщIэхэмрэ бысымхэмрэ зэщIыгъуу концерт ягъэльэгъуащ.

Щхьэлыкъуэ щыщ щIалэгъуалэм Осетие Ищхьэрэм и щыпIэ дахэхэр кьызэхакIухьащ. Ахэр «Щыхьым и аллеем», Тэрч псым и Iуфэхэм щыIащ, апхуэдэу Беслъэн ежьэм террористхэм щызэхащIыхьауэ щыта хьэкIэхъуэхьэкIагъэм хэкIуэдахэм я фэеплым зыхуагъэщхьащ.

БЕЖАНЭ Беслъэн.

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФIЫЦIЭ Мухьэмэд

РЕДАКЦЭМ и КОЛЛегИМ ХЭТХЭР
Жылаэ Заурбэч (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Жьэкlэмыхьу Марин** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Марин** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Гъурыжь Мадин** (жэуап зыхь секретарь), **ГъущIо Зариф, Кьардэн Маритэ, Ныбжьэ Таисэ, Хьэжыкъарэ Алик.**

ДИ ХЭЩIАПIЭР
360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и щIэкIэ щыIэ уэрам, 5, еблъуанэ - епщIанэ къатхэр.

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 42-63-64, 47-31-54, 47-33-23; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэныкъуэхуэхэмкIэ - 42-22-86; къуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 47-22-63, 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхъуэмэ Iуэхущ1ап1эхэм ядзлжьэнымкIэ - 42-60-53; хьыбарыщIэхэмкIэ, спортымрэ письмохэмкIэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 47-32-15; зэдзэкIакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтерим - 47-31-69; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Iуэхущ1ап1эм - 42-26-41; сурэтхэхьм - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм кьыщыхьа бжыгъэхэм, кьыщIэта Iуэхугъуэхэм я пэжагъымкIэ аэр зытхаэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху еплъыкIэр этехуэу зыныту щытыкъым.

Газетыр Iэ тезыдзаэм яхуэхьныр и щIэ дальщ федеральнэ пошт эныщIэныгъэхэмкIэ и управленэм.
Тел.: 76-01-28, 76-01-10.

Газетыр щрыкIэ жэуап ехь КъБР-м и "Роспечать" АО-м.
Тел.: 42-69-34

Газетыр 1989 гъэм дыгъэгъазэм и 16-м №Н-00656-ш щIэныгъэ яхуэщIащ.
Зы ильэсым газетыр 250-р кьыдокI.
1905 гъэм щыта революцэм и щIэр зезыкъэ Республикэ полиграфкомбинат, Налшык къ., Лениным и щIэкIэ щыIэ уэрам, 33, тел. 42-35-75.

Мы кьыдэкIыгъуэм елэжьахэщ: **жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ ДыщкI Соня, редактору ЖьэкIэмыхьу Мариндж, корректорхэру ПхытIыкI Юрэ** *(1, 4-нэ пп.)* **Афэ Тамарэ** *(2, 3-нэ пп.),* **корректорхэм я дэIэпыкъуэгъу Нуан Заирэ.** ***Компьютерхэр газетым и тепльэр ящIащ*** **Дол Маринэ, Щомахуэ Марианэ,** ***сурэтхэм елэжьар*** **Бицу Жанизэ.**

Номерыр "Адыгэ псалъэм" и компьютер Iэнатlэм щагъэхьзыращ.

Газетым Iэ щытредзар сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр 51531● Тираж 10.125● Заказ №1950